


Ti Gason ki Envante Televizyon an: Byografi (Genre: Biography)

Philo Farnsworth, envantè televizyon an.



Imajine kòman sa te ye pou grandi nan lane 1906 kote pat genyen elektrisite. Philo te fèt nan lane 1906 nan Utah. Tout non li se te Philo Taylor Farnsworth. Pat gen televizyon—Se sa – **pat gen televizyon.**

Philo te grandi tankou yon timoun ki enterese nan tout bagay, espesyalman nan teknoloji; men kòm fanmi li te pòv li pat ka gen kontak avèk teknoloji nan tan l. Philo se yon timoun depi lè li te kòmanse pale, li te konn toujou renmen poze papa l anpil kesyon. Papa l te apès li te renmen bagay mekanik; konsa lè l te gen 3 zan li te mennen l al nan yon estasyon tren pou l t al obsève tren k ap pase.

Philo te grandi nan yon fam kote elektrisite te vrèman ra. Malgre sa li te jwenn enspirasyon nan nouvo teknoloji yo. De nouvo machin te **kaptive** li pandan l t ap grandi: yon telefon manivèl (hand-cranked telephone) ak yon fonograf manivèl (hand-cranked phonograph).



(Yon telefòn manivèl ak yon fonograf manivèl)

Pou yon vi meye, fanmi Farnsworth te kite Utah, yo t al abite Idaho lè Philo te gen 11 zan. Yo t al abite nan yon fam bètrav ak pòm detè. Philo te **reklame** chanm ki te genyen yon etajè ranpli ak magazin osijè leman ak elektrisite. Pandan l t ap li, li te dekouvri mo <<televizyon>> an pou premye fwa. Li siyifi yon bagay ki fonksyone menm jan ak radyo, men li montre imaj. Li potko egziste, men syantis t ap eseye envante li.

Nan kay kote Philo te abite a te gen yon jeneratè ki te konn ap bay anpil pwoblèm. Chak fwa reparatè a vin fikse l, li te konn toujou ap poze anpil kesyon; konsa li vin kònnen koman pou repare l pou kont li. Philo, nan ti sa li te aprann sou zafè leman, te genyen yon kontès lè l te genyen 13 zan.

Pandan tout ti tan sa, Philo ap envestige sou zafè televizyon an. Syantis yo pat genyen okenn chans pou envante **aparèy** sa. Yon jou konsa, lè Philo te gen 14 zan, li t ap laboure yon tè epi li t ap kreye ranje pou pòm detè. Ranje tè yo te fè l **anvizyone** kòman pou l te envante televizyon.

Nan Otòn, Philo te antre lekòl segondè. Li te pataje ide li yo avèk Mesye Tolman, yon pwofesè li. Mesye Tolman te fè l konnen ide li yo jenyal men y ap koute anpil lajan. Li ankouraje l pou l al nan kolèj pou rev li yo kapab vini reyalite. Mesye Tolman te bay Philo chans pou l te fè prezantasyon nan klas la. Avèk anpil **antouzyasm**, Philo te prezante teyori Albert Einstein.

Lè Philo te gen 18 tan li te oblije kite kolèj paske papa l te vin mouri. Fanmi l lan te retounen Utah; Philo te oblije al travay pou okipe fanmi lan. Li te **pasyone** pou travay ranje radyo. Se youn nan travay li te pi renmen. Philo pat ka konprann jous nan lane 1924 te toujou gen anpil moun ki pat konn tande radyo. Chak fen semen yo, li te konn òganize yon <<Fèt Radyo>> pou li menm ak zanmi li.

Pem, vwazin li, te konn toujou vin patisipe. Li te enterese nan fèt radyo a ak nan Philo tou. Philo vin pèdi premye menaj li: <<Televizyon>>. Li vin genyen Pem kòm nouvèl menaj li. Lide televizyon an pa janm soti nan tèt li. Sèl sa li bezwen pou sa mache se lajan. Li rankontre 2 zòmdefè, kidonk biznisman, ki sot nan Kalifòni. Pandan yo te chita ap dine li eksplike yo, etap pa etap, plan li sou zafè televizyon an. Li rive konvenk yo nan eksplikasyon li. De biznisman yo, youn gade yo lòt. Yo dakò pou yo envesti \$6,000.

Philo vin travay koulye a 24 sou 24. Li aplike pou yon patant pou pwoteje ide li a pou 17 lane. Li te enpòtan pou l te kapab genyen kredi a.

Nan aswè lè l t a pwal marye ak Pem li di l:<< Mwen gen yon lòt menaj nan lavi m, non li se Televizyon.>> Pem bay tout èd li. Premye laboratwa li se te sal manje yo nan Hollywood. Tout pyès te konstwi tou nèf. Nan premye demonstrasyon an, Philo te bliye yon liy pou ki pou fè kouran mache a; tout Imaj Disektè a brile. Pem te pran nòt sou tout bagay. Philo te jwenn lòt envestisè ki te ba li yon lòt ane. Li te travay di nan nouvèl laboratwa li nan San Francisco, konsa li pat pèdi delè li te genyen. Nan lane

1927, yon premye gwoup moun te jwenn chans gade yon premye imaj nan televizyon. Se te madanm li Pem ki te premye televize. Li pat menm konnen. Imaj la te parèt ak zye li fèmèn.



Vizyon l kreye televizyon

Lè Philo te gen 22 zan li anonse, televizyon, envansyon pa l devan yon piblik. Te gen atik ki te ekri sou sa nan San Francisco. Jounalis yo fè elòj yon <<Jèn ti Jeni.>> Pem avèk zanmi l yo li atik la byen fò epi avèk fyète. Yo te kontan anpil. Philo te rete an silans epi li souri. Gras a Philo, tan k ap vini yo ap enkli televizyon.



Philo ak Pem Farnsworth ap souri pou reyalizasyon envansyon yo